



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL APWOUVE AMANNMAN KI FÈT NAN PLAN DIREKTÈ TÈ ETA A NAN PAK ADIRONDACK LA

Amanman yo amelyore pwoteksyon 1.17 milyon ekta tè piblik nan North Country

Mizajou yo entegre rezistans klimatik, aksesibilite ak planifikasyon lwazi dirab

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te apwouve amanman nan Plan Direktè Tè Eta (State Land Master Plan, SLMP) nan Pak Adirondack la Komisyon Ajans Pak Adirondack (Adirondack Park Agency Board) la te rekòmande. Amanman yo amelyore pwoteksyon ak jesyon 1.17 milyon ekta tè piblik nan Pak Adirondack nan Eta Nouyòk.

"Kit se pou bay dlo potab pwòp oubyen akeyi plizyè milyon vizitè chak ane pou yo pwofite aktivite anplennè, Pak Adirondack se yon trezò nasyonal epi li se yon senbòl lidèchip anviwònman Eta Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amanman sa yo garanti Nouyòk rete lidè nan prezèvasyon ak konsèvasyon tè piblik nan enterè Nouyòkè yo jodi a epi alavni. Lè nou ranfòse rezistans epi favorize lwazi dirab, n ap pwoteje Adirondacks pou pwochen jenerasyon an pandan n ap konsève karaktè sovaj li."

SLMP a defini modalite sou kijan piblik la ka itilize tè eta ki nan Rezèv Forè Pak Adirondack (Adirondack Park Forest Preserve) la, epi kijan Eta a ka antreteni ak modifeye yo, lè li etabli diferan kategori pwoteksyon. Amanman yo apwouve jodi a garanti planifikasyon pou prezèvasyon ak lwazi nan youn nan resous natirèl Eta a ki pi presye aliyen tou ak valè enklizyon ak rezistans. Amanman sa yo plis ranfòse kapasite Ajans Pak Adirondack la ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation) an pou yo kapab:

- Pwoteje abita ak espas ouvè, epi pwoteje envestisman nan lwazi lè yo pran an kont risk ki gen rapò ak klima;
- Amelyore aksè a tè piblik ak dlo pou moun ki gen andikap lè yo idantifye enfrastrikti ki deja aksesib epi evalye lòt potansyèl;
- Sipòte lwazi anplennè ki dirab lè yo entegre jesyon itilizasyon vizitè nan planifikasyon tè piblik.

Plan Direktè Tè Eta nan Pak Adirondack la gide priz desizyon pou 1.17 milyon ekta tè eta ki nan Pak Adirondack la. Anplis yo egzije pou chanjman klimatik, aksesibilite ak jesyon itilizasyon vizitè yo enkli nan planifikasyon jesyon ak itilizasyon pou chak pasèl tè eta a, amannman yo mete ajou pratik pou estrikti jesyon fòn sovaj ak zòn istorik yo.

Anplis de sa, yon dènye akizisyon tè eta a fè—Four Peaks Tract ki gen prèske 237 ekta nan Vil Wilmington ak Jay—te klase kòm Forè Sovaj. Yo te idantifye Four Peaks Tract la, ki gen yon varyete preri ak montay, nan Plan Konsèvasyon Espas Ouvè Eta Nouyòk (New York State Open Space Conservation Plan) la, epi li gen potansyèl pou elaji opòtinite lwazi nan Ausable River Valley.

Direktè Egzekitif APA a, Barbara Rice, te deklare, "Ajans lan remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip desizif li konsènan anviwònman. Aksyon sa a konkli prèske de ane travay di ak refleksyon pwofon. Amannman sa yo ap garanti Eta a kontinye pwoteje resous natirèl Nouyòk yo ki gen enpòtans mondyal, pandan n ap travay pou garanti aksè a tè piblik nou yo a tout moun, kèlkeswa kapasite yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare, "Plan Direktè Tè Eta nan Pak Adirondack la te gide jesyon pridan DEC sou Rezèv Forè Adirondack la pandan plis pase 50 ane. Amannman sa yo pral ede Eta a reponn a difikilte ki gen rapò ak ogmantasyon kantite vizitè ak evènman move tan ekstrèm, pandan y ap garanti Rezèv Forè a rete aksesib pou tout moun."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Bon jesyon Pak Adirondack la mande pou fè ajisteman nan modèl jesyon ak pwoteksyon ki pran an kont modènizasyon ak itilizasyon k ap ogmante. Amannman Gouvènè Hochul te apwouve yo nan Plan Direktè Tè Eta Pak la pran an konsiderasyon aksesibilite pou vizitè ki gen kapasite patikilye, risk ki gen rapò ak chanjman klimatik, epi ekilib ant lwazi ak konsèvasyon tè, tout sa yo ap ranfòse epi pwoteje bèl resous sa a pou jenerasyon k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Konsèy Adirondack la, Raul J. Aguirre, te deklare, "Konsèy Adirondack remèsye Gouvènè Hochul ak Ajans Pak Adirondack la paske yo koute enkyetid piblik la, modifye amannman inisyal ajans lan pou garanti Plan Direktè Tè Eta a kontinye pwoteje ekoloji ak karaktè sovaj Pak Adirondack la, pandan l ap bay aksè a tout moun, kèlkeswa kapasite yo."

Direktè Egzekitif ADK, Cortney Worrall te deklare, "Mèsi a Gouvènè Hochul paske li te apwouve amannman Ajans Pak Adirondack la nan Plan Direktè Tè Eta Pak Adirondack la. ADK trè kontan ke aksè pou tout moun, pandan n ap pwoteje Rezèv Forè a, se yon priyorite ki pa negosyab. Nou salye devouman Eta Nouyòk pou planifikasyon Jesyon Itilizasyon Vizitè yo ak ajou nan Plan Direktè Tè Eta a — yon estrateji pwogresif epi adaptatif pou pwoteje resous natirèl yo epi amelyore eksperyans vizitè yo. ADK apresye anpil tou fason nou ka pi byen reponn a difikilte konsènan chanjman klimatik la san pèdi tan, atravè mezi pou diminye risk yo, adaptasyon, ak rezistans."

Direktè Egzekitif Komisyon Revizyon Gouvènman Lokal (Local Government Review Board) Pak Adirondack la, Gerald Delaney, te deklare, "Komisyon Revizyon an felisite Gouvènè Hochul pou avansman enpòtan amannman sa yo nan Plan Direktè Tè Eta nan Pak Adirondack la. Gouvènman lokal la sipòte anpil angajman pou ogmante aksè pou moun ki gen andikap, epi pou entegre pi bon pratik jesyon ki pral garanti Eta a kapab jere tandans k ap parèt nan itilizasyon piblik la yon fason efikas, epi kontinye pwoteje resous natirèl inik Pak la pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan Sant Forè Rejyon Nò a, Rob Riley, te deklare, "Sant Forè Rejyon Nò a apresye amelyorasyon ki fèt nan Plan Direktè Tè Eta Pak Adirondack la pou garanti yon aksè ki pi ekitab a tè eta pou tout moun, espesyalman moun ki gen andikap. Antanke òganizasyon k ap travay nan pwen kote kominote ak forè rankontre depi prèske trant ane, nou konnen kijan yon pi bon aksè a lanati enpòtan pou byennèt ak sante chak moun, epi tou pou bon jesyon kolektif tè ak dlo piblik nou yo."

Direktè Egzekitif Sant Adirondack pou Konsèvasyon Plonjon (Adirondack Center for Loon Conservation), Dorothy Waldt, te deklare, "Sant lan rekonesan anvè Gouvènè a paske li te apwouve amannman sa yo. Plonjon, yon espès yo konsidere kòm yon preyokipasyon patikilye nan Eta Nouyòk, ap fè fas ak yon diminisyon klè nan siksè repwodiktif li. Avèk amannman sa yo ki apwouve, nou kontan tandè kri senbolik plonjon yo k ap rezone sou lak Adirondack yo pandan plizyè ane k ap vini yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)